



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE PWOGRAM AKREDITASYON NAN JESYON IJANS LOKAL NAN PEYI A

Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) Revele Estanda pou Tout Eta a ki te Pwopoze pou Lapremyè Fwa nan Diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a

Depatman Sèvis Ijans Konte Oneida se Premye Benefisyè ki Atenn Akreditasyon nan New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Pwogram Akreditasyon nan Jesyon Ijans Lokal Eta New York la (New York State Local Emergency Management Accreditation Program), ki se premye pwogram onivo eta konsa pou ajans jesyon ijans lokal yo nan peyi a. Pwogram lan, ki te devlope an patenarya ak Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la (New York State Emergency Management Association, NYSEMA), yo te prezante gran pwèn yo nan Diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a epi li gen ladan yon seri estanda biwo jesyon ijans lokal yo dwe satisfè pou yo ka resevwa akreditasyon inik sa a.

“New York ap trase chemen pou asire pwofesyonèl jesyon ijans nou yo gen meyè fòmasyon posib pou yo reponn nan yon fason rapid epi ak efikasite a nenpòt katastwòf ki ta ka rive.” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram sa a ki se premye pwogram konsa nan peyi a pral sèvi kòm yon modèl pou montre kijan eta ak gouvènman lokal yo ka fè patenarya nan yon fason efikas pou yo fè fas a defi sekirite piblik yo, epi mwen ankouraje tout konte yo pou yo pouswiv premye akreditasyon sa pou ede yo kenbe kominote atravè New York yo san danje.”

Komisè Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), John P. Melville te di, “Pwogram akreditasyon an se yon lòt egzanp ankò ki montre efò pou nou fè vanse disiplin jesyon ijans lan pi plis nan Eta New York. Akonplisman sa a demontre sitwayen konte yo gen yon pwogram jesyon ijans pwofesyonèl pwogresif ki an plas pou pwoteje Nouyòkè yo nan ka ta genyen yon katastwòf orijin imen oswa yon katastwòf natirèl. Mwen felisite Depatman Sèvis Ijans Konte Oneida (Oneida County Department of Emergency Services) pou bèl

travay sa a.”

Kevin Wisely, ki se Komisè Adjwen Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan ak Direktè Biwo Jesyon Ijans Eta a te di, “Mwen fyè pou nou fè patenarya ak NYSEMA nan premye pwogram akreditasyon nan jesyon ijans nan peyi a pou lokalite yo. Pwogram lan etabli estanda kredib pou biwo jesyon ijans lokal yo epi an fendkont yo konstwi yon meyè fondasyon pou yon pwogram jesyon ijans ki pi solid atravè tout Eta New York la.”

Yo gen entansyon pou pwogram akreditasyon an sèvi kòm yon mekanis pou ede souliye ak pwomouvwa ajans jesyon ijans lokal ki pwoaktif nan Eta New York yo. Akreditasyon an valid pou senk an, avèk yon opòtinite pou resevwa reyakreditasyon aprè peryòd senk an.

Biwo Jesyon Ijans Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans Eta New York la (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services’ Office of Emergency Management) ak Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la (New York State Emergency Management Association) te pilote pwogram lan avèk Depatman Sèvis Ijans Konte Oneida (Oneida County Department of Emergency Services) pandan plizyè mwa ki sot pase yo. Fonksyonè Konte Oneida yo te travay avèk evalyatè pwogram lan yo ki te evalye konpetans ajans yo nan [21 estanda diferan](#).

Politik ak pratik jesyon ijans Konte Oneida yo satisfè oswa depase estanda yo nan tout premye aspè jesyon ijans lan yo ki gen ladan administrasyon, fòmasyon, preparasyon sitwayen yo, itilizasyon sistèm kòmand ensidan an, kominikasyon ijans, NY Reponds, evalyasyon dega, jesyon debri ak rekipasyon apre ensidan. Depatman Sèvis Ijans Konte Oneida se premye biwo jesyon ijans nan yon konte nan New York ki atenn akreditasyon sa a anba pwogram lan.

Kevin Niedermaier, ki se Prezidan Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la ak Direktè Jesyon Ijans Konte Livingston lan te di, “Pwogram akreditasyon sa a te yon priyorite pou NYSEMA depi byen lontan, paske l ede rekonèt enpòtans jesyon ijans ak ajans ki vle fè plis efò pou yo atenn akreditasyon an yo. Pwogram sa a founi yon bon fondasyon epi apati de li, jesyon ijans lan ka kontinye devlope plis.”

Egzekitif Konte Oneida a, Anthony J. Picente, Jr. te di, “Lè nou te konsolide sistèm 911 nou an epi nou te investi nan Jesyon Ijans lan, se te nan bi pou nou rann Konte Oneida pi an sekirite epi pi konpetan nan jesyon ijans lokal yo. Akreditasyon jodi a se yon testaman pou investisman sa a. Mwen fyè nou ka sèvi kòm yon modèl pou lòt konte atravè tout eta ak peyi a yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou kreyasyon pwogram akreditasyon sa a ki gen pou sib kijan pou nou pi byen konfwonte yon bann varyete defi sekirite piblik.”

Kevin Revere, ki se Direktè Depatman Sèvis Ijans Konte Oneida te di, “Nou jwenn pwosesis akreditasyon an gen anpil valè, epi li gratifyan pou se nou ki premye konte nan Eta New York ki resevwa akreditasyon an. Mwen vle remèsye Egzekitif Konte

Oneida Anthony Picente pou asistans li epi paske l t ap ankouraje nou pou nou pouswiv etap enpòtan sa a nan bi pwoteksyon sitwayen Konte Oneida yo. Mwen vle remèsye ekip mwen an tou pou travay di yo te fè ak Biwo Jesyon Ijans Eta ak NYSEMA paske yo te kreye opòtinite sa a.”

Biwo jesyon ijans lokal ki enterese resevwa akreditasyon sa a yo pral bezwen konpile ak devlope politik, plan ak dokiman ki nesèsè yo pou satisfè estanda akreditasyon yo. Yo pral pataje ak telechaje sou pòtay sitwèb NY Responds lan tout dokiman ki obligatwa yo poutèt pou yo ka wè materyèl yo alavans avan revizyon an fèt soulèye. Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan ak Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la pral founi asistans teknik pandan faz preparasyon an epi yon fwa yo resevwa tout materyèl yo mande yo, Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan pral chwazi yon ekip ki gen omwen de evalyatè ki gen eksperyans pou yo fè yon revizyon.

Revizyon an pral gen ladan egzamen apwofondi nenpòt plan ak dokiman nesèsè yo, epi fè entèvyou ak Manadjè, pèsònèl, ak lòt moun Ijans yo, si sa nesèsè. Se reponsabilite biwo jesyon ijans yo pou yo demontre, dokimante, ak atikile kijan yo satisfè chak estanda ak kritè asosye yo. Biwa jesyon ijans lokal ki swete resevwa sètifikasyon yo dwe ranpli [fòmilè aplikasyon an](#) epi soumèt li nan Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Akreditasyon nan Jesyon Ijans Lokal Eta New York (New York State Local Emergency Management Accreditation Program) – ki gen ladan gid pou pwogram lan, elijibilite ak estanda yo – [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan ak kat biwo -- Anti-teworis (Counter Terrorism), Jesyon Ijans (Emergency Management), Prevansyon ak Kontwòl Dife (Fire Prevention and Control), ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li yo (Interoperable and Emergency Communications),-- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook, swiv @NYSDHSES sou Twitter, oswa ale sou dhSES.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418